



# Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan

Ou kapab fè yon reprezantan, tankou yon avoka, ede ou lè ou ap fè biznis ak Sekirite Sosyal. Nou va travay ak reprezantan ou an menm jan nou ta va travay avèk ou.

Pou pwoteksyon ou, nan pifò sitiyasyon yo, reprezantan ou pa kapab ni fè ou peye ni touche yon frè nan men ou san li pa jwenn otorizasyon nou alekri anvan. Men, reprezantan ou ka aksepte lajan nan men ou davans toutotan lajan an depoze nan yon kont fidisyè oswa nan yon kont garanti bloke.

Oumenm ak reprezantan ou responsab pou ban nou enfòmasyon yo avèk presizyon. Lalwa pa dakò pou bay fo enfòmasyon toutespre oswa avèk volonte ou. Si ou fè sa, yo ka trennen ou lajistis kòm kriminèl.

## Sa yon reprezantan kapab fè

Depi ou deziyen yon reprezantan, li kapab pran desizyon sou non ou devan Sekirite Sosyal lè li:

- Pran enfòmasyon nan dosye Sekirite Sosyal ou;
- Ede ou jwenn dosye medikal ou oswa enfòmasyon pou soutni reklamasyon ou a;
- Akonpaye ou, oswa vini nan plas ou nan nenpòt antrevi, konferans oswa odyans ou genyen avèk nou;
- Fè yon demand pou rekonsiderasyon, odyans oswa revizyon Konsèy Apèl la; epi
- Ede oumenm ak temwen ou yo prepare pou yon odyans epi kesyone nenpòt temwen.

Epitou reprezantan ou an va resevwa yon kopi desizyon (yo) ke nou pran konsènan reklamasyon ou an (yo).

## Chwazi yon reprezantan

Ou kapab chwazi yon avoka oswa lòt moun ki kalifye pou reprezante ou. Epitou ou kapab gen plis ke yon reprezantan. Mentou ou pa kapab chwazi kòm reprezantan yon moun yo te sispann oswa ki te diskalifye pou reprezante lòt moun devan Administrasyon Sekirite Sosyal oswa yon moun ki dapre la lwa pa kapab sèvi antan reprezantan.

Kèk òganizasyon kapab ede ou jwenn yon reprezantan oswa yo kapab ba ou sèvis legal gratis si ou kalifye pou sa. Gen kèk avoka ki pa fè ou peye sof si ou resevwa benefis. Biwo Sekirite Sosyal ou gen yon lis òganizasyon ki kapab ede ou jwenn yon reprezantan.

Ou kapab deziyen youn oswa plis moun ki nan yon kabinè avoka, sosyete oswa lòt òganizasyon kòm reprezantan ou yo, men ou pa ka deziyen kabinè avoka a, sosyete a oswa òganizasyon an nèt.

Apre ou fin chwazi yon reprezantan, ou dwe ekri nou pou mete nou o kouran osito posib. Pou fè sa, pran Fòm SSA-1696-U4, *Appointment For Representative — Nominasyon Reprezantan*, sou sit entènèt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

Ou dwe bay non moun ou deziyen an, epi ou dwe siyen non ou. Si moun nan pa yon avoka, li dwe siyen fòm nan tou.

## Sa reprezantan ou an ka fè ou peye

Pou reprezantan ou an fè ou peye yon kòb pou sèvis yo, dabò li dwe remèt nou yon akò oswa yon petisyon ki montre konbyen kòb li ap mande.

Reprezantan ou pa kapab fè ou peye plis pase kantite lajan frè nou otorize a. Si oumenm oswa reprezantan ou pa dakò avèk frè nou otorize a, oumenm oswa reprezantan ou kapab mande nou pou analize frè a ankò.

Si yon reprezantan fè ou peye oswa touche yon frè nan men ou san otorizasyon nou, oswa si li fè ou peye oswa touche twòp lajan nan men ou, nou ka sispann oswa diskalifye reprezantan sa a pou reprezante nenpòt moun devan Administrasyon Sekirite Sosyal, epitou yo ka trennen li lajistis kòm kriminèl.

## Dosye akò ki montre konbyen pou ou peye

Si oumenm oswa reprezantan ou an gen yon antant lajan ki ekri sou papye, reprezantan ou a k ab mande nou pou nou apwouve li nenpòt lè anvan nou pran yon desizyon sou reklamasyon ou an. Abityèlman, nou va apwouve akò a epi nou va ekri ou pou nou fè ou konnen konbyen reprezantan ou an kapab mande ou:

- Nou toulede siyen akò a;
- Reklamasyon ou a te apwouve epi li te vin abouti sou benefis yo te deja dwe ou; epi
- Lajan ou antann nan pa ka depase 25 poustan benefis yo te deja dwe ou yo oswa \$6,000, kèlkelanswa sa ki pi pití a.

Si nou pa apwouve akò pou peye frè a, n ap fè oumenm ak reprezantan ou konnen sa alekri.

(lòt bò a)

## Dosye Depans yon demann

Reprezantan ou a dwe banou yon petisyon (demann) ki montre kantite lajan pou ou peye lè li fin travay sou reklamasyon ou a (yo). Demand sa a ki dwe fêt a lekri ta dwe dekri an detay kantite tan reprezantan ou a pase pou chak sèvis li ba ou . Reprezantan ou a dwe ba ou yon kopi petisyon (demann) ki montre kantite lajan pou ou peye a ak tout sa ki akonpaye li. Si ou pa dakò avèk kantite lajan li mande a oswa enfòmasyon ki parèt la, kontakte nou nan 20 jou. Si ou pa dakò avèk frè reprezantan ou mande a oswa avèk enfòmasyon ki endike la yo, kontakte nou nan 20 jou. N ap konsidere valè rezonab sèvi reprezantan an, epi n ap fè ou konnen alekri kantite lajan frè nou otorize a.

## Konbyen ou peye

Kantite lajan nou deside reprezantan an k ap fè ou peye se sa ou k ap dwe pou sèvis li ba ou menm si ou te dakò pou ou te peye li plis. Mentou, reprezantan ou a kapab fè ou peye depans li fè limenm, tankou pou rapò medikal, san konsantman ou.

Si se yon avoka oubyen yon moun ki pa avoka ke Sekirite Sosyal jwen kalifye pou peye ki reprezante ou , abtyèlman nou kenbe 25 poustan (jamè plis) sou benefis yo te déjà dwe pou peye ou sou lajan an. Nou peye avoka a nan lajan sa a epi nou voye rès lajan an ba ou.

Pafwa ou dwe peye reprezantan an dirèkteman:

- Ou dwe peye rès sa ou dwe a si kantite lajan ki apwouve a depase lajan nou te kenbe pou nou te peye avoka ou a.
- Ou dwe peye tout kantite lajan an si:
  - Reprezantan ou a pa kalifye pou nou paye li dirèk;
  - Nou pa te kenbe 25 poustan nan benefis Sekirite Sosyal yo te déjà dwe ou a oswa Revni Sekirite Siplementè (SSI)
  - Reprezantan ou a te fè demand yon lajan nou voye ba ou eke nou te dwe kenbe .

Ou dwe peye pou depans reprezantan ou an fè oubyen depans li k ap fè ak lajan nan pòch li (pa ekzanp, lajan pou jwenn dosye doktè ou oswa dosye lopital ou).

## Si yon lòt moun peye reprezantan ou an

Menm lè yon lòt moun peye lajan an pou ou (pa ekzanp yon konpayi asirans), nou dwe apwouve lajan an sof si:

- Oumenm ak nenpòt dezyèm benefisyè pa gen responsabilite dirèk oswa endirèk pou peye frè a

oswa depans yo swa tout oswa yon pati ladan, ba yon reprezantan oswa ba yon lòt moun; epi

- Se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi oswa yon òganizasyon federal, leta, konte, oswa vil la ki va peye nenpòt kòb ak nenpòt depans nan fon gouvenman; epi
- Reprezantan ou a ba nou yon deklarasyon ki ekri ke ou pap gen pou peye ankenn frè oswa ankenn depans.

## Si ou fè apèl devan tribunal federal pou reklamasyon ou a

Tribinal la kapab aksepte ou peye yon frè rezonab pou avoka ou. Nou pa bezwen otorize frè sa a. Frè a p ap depase 25 poustan tout avantaj ou poko touche yo k ap sòti nan desizyon tribunal la. Avoka ou pa kapab fè ou peye okenn frè siplementè pou sèvis yo devan tribunal la.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi publikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo 1-800-772-1213 (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, 1-800-325-0778). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.